

# Konnen Dwa w Yo avèk ICE

Si ajan ICE (Sèvis Imigrasyon ak Dwàn) yo apwoche ou, ou genyen dwa!

## Kisa m kapab fè si ajan ICE yo ap frape nan pòt mwen?

- Ou pa oblije louvri pòt la bay ajan ICE yo tousuit epi ou pa oblije pale ak ajan ICE yo.
- Pa **dèyè pòt ki fèmen an**, ou ka mande yo ki moun yo ye epi mande yo montre w badj yo, kat ID oswa kat vizit yo nan fenèt oswa jouda pòt la oswa pase yo anba pòt fèmen an.
- Ou kapab mande yo si yo gen **yon manda lajistis**:

Si yo di **Non**,  
ou pa oblije kite yo antre.  
Ou ka di,

“Mwen pa vle pale avèk nou.”

Si yo di **Wi**,  
ou kapab mande yo glise li  
anba pòt la. Pou w konnen si  
se yon manda lajistis, gade pou  
wè kiyès ki te siyen li.

Yon manda lajistis se yon  
manda yon jij siyen ki soti nan  
yon tribinal. Pa egzanp, siyati  
jij la ka genyen “Honorable/  
Hon.” “Judge” “Justice” or  
“Magistrate” devan li.

- Nan yon sitiyasyon ijans, tankou yon menas pou sekirite piblik oswa menas pou lavi yon moun, ajan ICE yo kapab antre san yo pa mande w pèmasyon. Si sa rive, ou toujou pa oblije pale ak ajan ICE yo.
- Si ajan ICE yo ap chèche yon moun, **ou pa oblije pale**. Si w chwazi pale, ou kapab mande ajan ICE yo pou yo kite enfòmasyon pou w kontakte yo. Menm si w pa oblije di ajan ICE yo kote moun lan ye, lè w bay fo enfòmasyon, sa mete w arisk.

## Kisa m kapab fè si ajan ICE yo anndan kay mwen?

- Si ajan ICE yo antre lakay ou san pèmasyon w, ou kapab di yo aklè: **“Mwen pa aksepte nou antre lakay mwen. Tanpri soti.”** Lè w di sa, sa ka pa toujou anpeche yo antre, men li ka sèvi nenpòt dosye jiridik pi devan.
- If ajan ICE yo kòmanse fouye chanm yo oswa bagay ki nan kay ou, ou kapab di yo **“Mwen pa aksepte nou fouye kay la.”** Ou kapab kontinye **repete pawòl sa a** si yo kontinye fouye kay la san konsantman ou.
- Ou kapab di yo si genyen **timoun** oswa **lòt rezidan ki vilnerab** lakay ou a.

## Kisa m kapab fè si ajan ICE yo arete mwen nan lari oswa an piblik?

- Anvan w di nenpòt bagay, ou kapab poze kesyon sa a: “Èske m lib pou m ale?”

Si yo di **Wi**: ou kapab di,

“Mwen pa vle reponn kesyon nou yo”

Si yo di **Non**: ou kapab di,

“Mwen vle rete an silans.”

Si ajan ICE yo eseye fouye pòch ou oswa zafè w yo, ou kapab di,

“Mwen pa aksepte nou fè okenn fouy.”

Si yo fouye w kanmenm, ou pa kapab anpeche yo fizikman. Men, lè w di sa aklè, sa ka enpòtan nan nenpòt dosye jiridik pi devan.

## Kisa m kapab fè si ajan ICE yo nan espas travay mwen?

- Ajan ICE yo kapab antre nan **espas piblik** nenpòt espas travay san yo pa bezwen okenn tip manda.
- **Espas piblik yo** ka gen ladan: antre biwo, makèt, magazen ki vann an detay, oswa sal a manje yon restoran.
- Ajan ICE yo pa kapab antre legalman nan **espas prive** yon espas travay sof si yo gen **pèmisyon patwon w lan** oswa **yon manda lajistis**.
- **Espas prive yo** se kote ki pou anplwaye sèlman ki ka gen ladan yo sal poz oswa sal estokaj nan yon espas travay.
- **Anplwaye yo kapab** mande ajan ICE yo pou yo montre kat idantite yo epi mande yo si yo gen yon manda lajistis
- Kòm nan tout espas piblik yo, si ajan ICE yo apwoche ou, **ou PA oblije reponn kesyon yo poze w yo** epi ou kapab voye yo al jwenn patwon w lan.
- Kòm toujou, si ajan ICE yo eseye fouye pòch ou oswa zafè w yo, ou kapab di, **“Mwen pa aksepte nou fè okenn fouy.”** Si yo fouye w kanmenm, ou pa kapab anpeche yo fizikman. Men, lè w di aklè ou pa aksepte, sa ka enpòtan nan nenpòt dosye jiridik pi devan.

## E si yo kenbe m nan gadavi?

- Ou kapab di ajan ICE yo ou gen **pwoblèm sante** oswa ou bezwen **fè aranjman pou gadri**.
- Li posib pou ajan ICE yo **pa pale lang natif natal ou an**. Ou kapab **mande pou w gen yon entèprèt** pou nenpòt konvèsasyon avèk ajan ICE yo oswa pou nenpòt randevou oswa odyans yo ba w.
- Ou **pa oblije siyen okenn dokiman oswa reponn okenn kesyon** anvan w pale avèk yon avoka.
- Depi ou nan gadavi, ou pral gen **dwa pou w rele** fanmi w, zanmi w yo, lidè kominotè yo oswa avoka ou nan telefòn.
- Nan gadavi a, **ou kapab resevwa vizitè** sa vle di, fanmi w, zanmi w yo, lidè kominotè yo ak avoka ou. Sonje **chak prizon gen pwòp règ pa li** vizitè yo dwe verifye anvan.
- Si yo kenbe w nan gadavi, **moun nan kominote a ka filme ajan ICE yo**, depi yo pa anpeche yo fè travay yo. Si ajan ICE yo ap eseye pale ak ou oswa arete w, kòmanse filme oswa kontinye filme a ka mete w arisk.
- **Ou kapab pataje avèk avoka w la**, depi w gen youn, **nenpòt odyo, videyo, oswa nòt alekri ou genyen sou arestasyon w lan oswa yon moun ki te wè arestasyon w lan genyen**.
- **Pou w jwenn plis enfòmasyon**, ou kapab ale sou: [bit.ly/NYLAGICE](http://bit.ly/NYLAGICE)

## Si oumenm oswa yon pwòch ou gen risk pou depòtasyon, ou kapab fè yon plan.

- Ou kapab jwenn konsèy jiridik nan zafè imigrasyon ki gratis ak konfidansyèl. Rezidan New York ki imigran yo kapab rele **ActionNYC** nan **1-800-354-0365** ant 9AM – 6PM, lendi rive vandredi oswwa rele 311 epi di “ActionNYC.”
- Ou kapab **chwazi yon kontak ijans epi kenbe nimewo telefòn li nan tèt ou**. Yon kontak ijans kapab se yon moun ou fè konfyans – yon fanmi, zanmi, lidè kominotè oswa yon avoka.
- Ou kapab **ranje dokiman w yo** epi kenbe yo yon kote ki an sekirite pou kontak ijans ou yo kapab jwenn yo.
- Pou w **jwenn plis enfòmasyon** ou kapab ale sou [nyc.gov/KnowYourRights](http://nyc.gov/KnowYourRights)

